# EKI MÁMLEKET XALÍQLARÍ ARASÍNDAĞÍ KÓP ÁSIRLIK DOSLÍQ, BIRADARLÍQ BAYLANÍSLAR NÁTIYJESI (ÓZBEKSTAN TURKMENSTAN MÍSALÍNDA )

**Tilepov Quatbay Nukusbaevich** – *assistent oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanısh sózler:** kórkem óner, sheriklik, mámleket, shólkem, tınıshlıq, awıl xojalıǵı, ekonomika.
**Ключевые слова:** художественное искусство, товарищество, государство, гуманизм, спокойствие, животноводство, экономика.
**Key words:** art, company, the state, humanism, peace, livestock, the economy.

Ózbekstan Túrkmenstan menen qatnaslar tereń tariyxıy túbirler hám dinge sıyınıw, til, mádeniyat, milliy dástúr hám úrp-ádetler uqsaslıǵına tiykarlanǵan sheriklikti bekkemlewge úlken áhmiyet berilmekte. Ásirler dawamında tınıshlıq, awızbirshilik hám óz ara qollap-quwatlawda jasap kiyatırǵan eki biradar xalıq arasındaǵı qatnaslar sońǵı jıllarda jáne de bekkemlendi.

Búgingi kúnde mámleketlerimiz arasındaǵı kóp qırlı sheriklik ásirler dawam etken bekkem doslıq, óz-ara húrmet hám jaqsı qońsıshılıq principlerı tiykarında tabıslı rawajlanıp atırǵanına isenimlı bolıwımız múmkin. Ózbekstan-Túrkmenstan sherikliginiń intensivligin sáwlelendiriw ushın bir neshe faktlerdi keltiriw jetkilikli.

Mısalı, 2016-jıldan beri 13 mámleket basshılarınıń óz-ara saparları bolıp ótti. 2022-jıl basınan berli Ózbekstan hám Turkmenstan basshıları arasında altı ret telefon arqalı baylanıs ótkerildi. Bunda sonı atap ótiw oǵada zárúrli, baylanıslar tek rásmiy hám protokol tusinde emes, bálki mudamı óz ara hám kóp tárepleme kún tártibindegi barlıq aktual máseleler talqılaw qılınıp atırǵanda anıq ámeliy mazmun menen toldırılǵan. Ózbekstan Prezidentiniń 2017-jıl mart ayında Turkmenstanǵa ámelge asırǵan birinshi shet el saparı eki aǵayin mámleket arasındaǵı qatnaslardıń házirgi jaǵdayına bekkem tiykar boldı. Eki mámleket Prezidentleri arasında ornatılǵan ashıq hám isenimli baylanıs, sonıń menen birge, jaqın doslıq barlıq tarawlardaǵı óz ara qatnaslarımızdı sezilerli dárejede keńeytiw ushın imkaniyat jarattı.

Joqarı dárejedegi óz ara kelisimlerdiń tiykarǵı nátiyjelerinen biri siyasiy, sawda-ekonomikalıq, transport-kommunikaciya hám mádeniy-gumanitar tarawlarda keń kólemli sheriklik boyınsha tәreplerdiń úlken potencialın izbe-iz ámelge asırıwdı názerde tutatuǵın strategiyalıq sheriklik haqqındaǵı shártnamaǵa qol qoyılıwı boldı. Anıq, óz ara sheriklikti jáne de bekkemlew hám rawajlandırıw regionda tınıshlıq, turaqlılıq hám ulıwma párawanlıqtı támiyinlewge xızmet etedi.

Tashkent hám Ashxabad sırtqı siyasat tarawında bir-birin qollap-quwatlap, xalıqaralıq hám regionlıq shólkemler, atap aytqanda, BMSH, ǴMDA, AFSA, Ekonomikalıq sheriklik shólkemi, IHT hám basqa strukturalar sheńberinde izbe-iz sheriklik etip, baylanıstı aktiv alıp barmaqta. Ózbekstan Prezidenti baslaması menen islengen Oraylıq Aziya mámleketleri basshılarınıń Másláhát ushırasıwları sheńberinde táreplerdiń zárúrli sherikligi, aqırǵı sammit 2021-jıl avgust ayında Túrkmenbashida bolıp ótti. Usı ilajda Turkmenstan basshısı baslaması menen birinshi ret Oraylıq Aziya hayal-qızlarına baylanısı jıynalısı, Ekonomikalıq forum, ónim kórgizbesi, milliy tamaqlar festivalı hám bes mámleket kórkem óner ustalarınıń qospa koncerti bolıp ótti. Mámleketlerimiz arasındaǵı qatnaslarda sawda - ekonomikalıq sheriklik zárúrli orın tutadı.

Ózbekstan hám Turkmenstan Prezidentleriniń birge-islesiwi hám oylap tabılǵan siyasatı sebepli sherikliktiń bul baǵdarı aldın bolmaǵan rawajlanıw pátin aldı. Eki mámleket basshıları tárepinen mámleketler arasındaǵı sawda kólemin asırıw boyınsha anıq belgilep berilgen wazıypalar óz nátiyjesin berip atır. Mısalı, 2016-jılı óz-ara sawda kórsetkishleri 200 million dollardan sál kóbirekti quraǵan bolsa, 2021-jıl juwmaqlarına kóre bul kórsetkish 902 million dollarǵa jetti. Sonı atap ótiw kerek, bunnan aldın heshqashan tovar ayırbaslawdıń bunday dinamikası kórinetuǵın bolmaǵan.

Túrkmenstan mámleketimizdiń regiondaǵı tiykarǵı sawda sheriklerinen biri bolıp tabıladı. Ózbekstannan Turkmenstanǵa awıl xojalıǵı texnikası, miywe-palız eginleri ónimleri, mineral tóginler, qurılıs materialları, ximiyalıq hám toqımashılıq ónimleri, túrli xızmetler eksport etiledi. Túrkmenstannan mámleketimizge neft ónimleri, mexanikalıq úskeneler, polimerler hám basqa ximiyalıq ónimler import etiledi. Eki mámleket sawda-ekonomikalıq sherikligin rawajlandırıwǵa sanaat kooperaciyasına tiyisli

qospa joybarlar, sonıń menen birge, mámleketlerimiz aymaǵında iskerlik kórsetip atırǵan túrli xojalıq tarawlarındaǵı qospa kárxanalar úlken úles qosıp atır. Mısalı, sońǵı jıllarında Ózbekstanda Turkmenstan kapitalı qatnasıwındaǵı kárxanalar sanı 15 ese kóbeyip, 11 den 160 ǵa jetti.

Turkmenstan aymaǵında Ózbekstan rezidentleri qatnasıwındaǵı 61 kompaniya, sonday-aq, «Ózavtosanoat» AJ hám «O‘zagrotexsanoat-xolding» AJ iskerlik kórsetip atır. Shegara aldı sawdası, sonıń menen birge, regionlardıń tuwrıdan-tuwrı baylanısları aktiv rawajlanıp atır, regionlar aralıq forum úzliksiz ótkeriledi. Atap aytqanda, 2018-jıl avgust ayında Xorezm hám Buxara wálayatları hákimleri basshılıǵındaǵı delegaciyalar Dashogóz hám Lebapga keldi.

2021-jıl sentyabr ayında bolsa Dashogóz hám Lebap wálayatları wákilleri Xorezm hám Buxara wálayatlarına keldi. Sol hápte birinshi Ózbekstan-Turkmenstan regionlar aralıq sheriklik forumın ótkeriw jobalastırılǵan. Ózbekstan hám Túrkmenstan Sawda-sanaat palataları isbilermenlik baylanısların rawajlandırıwǵa qosımsha úles qosıp atır, olar eki mámleket isbilermenler keńesi jıynalısların úzliksiz túrde ótkeredi, kishi hám orta isbilermenlik wákilleri qospa ilajlarda qatnaspaqta.

Eki mámleket xalıqları arasındaǵı kóp ásirlik doslıq, biradarlıq hám sheriklik sabaqların saqlaw hám bekkemlew boyınsha tárepler ana tili, mádeniyatı, dástúrleri hám úrp-ádetlerin rawajlandırıw ushın qolaylı shárt-sharayatlar jaratıw, ádebiyat klassikalari hám zamanagóy avtorlar shıǵarmalarınıń óz-ara awdarmaların ámelge asırıwdı qollap-quwatlamaqta.

Ózbekstan hám Túrkmenstan mádeniyatı hám kinosı kúnlerin úzliksiz túrde ótkeriw, sonıń menen birge, ilimiy mákemeler, kórkem hám teatr toparları arasındaǵı aktiv baylanıslar mádeniy almasıwlardı jáne de keńeytiwge xızmet etedi. Qanaatlanıwshılıq penen atap ótiw kerek, tárepler eki mámleket jasların qollap-quwatlawǵa, sonday-aq, olardıń ruwxıy- etikalıq tárbiyasına, huqıqların qorǵawǵa hám olardıń uqıpları hám umtılısların jámiyet mápleri jolında xoshametlewge qaratılǵan qospa ilajlardı shólkemlestiriwge hár tárepleme kómeklesiw niyetinde ekenligi bizdi quwandıradı.

**Paydalanılǵan ádebiyat**

1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidenti Sh.M.Mirziyoyevning PF-5876- sonli “Millatlararo munosabatlar sohasida O‘zbekiston Respublikasi davlat siyosati konsepsiyasini tasdiqlash to‘g‘risida” farmoni.

2. Internet saytları tiykarında.

**REZYUME.** Xalıqlar doslıǵı - túrli etnikalıq hám mádeniy toparlar arasındaǵı jaqın sheriklik, óz ara húrmet hám awızbirshilikti ańlatatuǵın túsinik bolıp tabıladı. Bul maqalada xalıqlar doslıǵınıń áhmiyeti haqqında jáne de mámleketler arasındaǵı baylanıslar haqqında sóz júritiledi.

**РЕЗЮМЕ.** Дружба народов - это тесное партнерство между различными этническими и культурными группами, взаимное уважение и взаимопонимание. В этой статье речь пойдет о важности дружбы народов и о связях между государствами.

**SUMMARY.** Friendship between peoples is a close partnership between different ethnic and cultural groups, mutual respect and understanding. This article will talk about the importance of friendship between peoples and the ties between states.